भोजपुरी भाषा में

# समृद्ध नवलपरासी

मानननीय विनोद कुमार चौधरी के राजनीतिक सचिवालय द्वारा प्रकाशित वुलेटिन, (वर्ष १, अंक २, पुस २०८०)

# विनोद चौधरी के एक वरिष



## नवलपरासी में विकास के लहर

बर्दघाट : नेपाली कांग्रेस के नेता आ सांसद विनोद चौधरी निर्वाचित भईल एक वरिष में ही नवलपरासी क्षेत्र नं. १ में विकास के चेहरा बदलेके सुरु होगइल बा । वर्षो से विकास में पछुआईल नवलपरासी के नागरिक ई समय सांसद चौधरी के विकास के काम देखके खुशी बाड़न । स्पष्ट रेखाचित्र आ कार्ययोजना सहित अगाडि बढल चौधरी एक वरिष में नवलपरासी में देखेबाला विकास के काम सब अगाडि बढइले बाड़न ।

उहाँ के आपन व्यक्तिगत पहल के साथे राजनीतिक आ प्रशासनिक निकाय से निरन्तर समन्वय आ सहजीकरण करत नवलपरासी के विकास के केन्द्र में रखते आरहल बाड़न । आपन निर्वाचन क्षेत्र रहल जिमिरेभार आ केन्द्र में राजनीतिक सचिवालय राखके सांसद चौधरी आपन क्षेत्र के विकास के प्राथमिकता में रखले बाड़न ।

उहाँ के सङ्घीय संसद से लेके संसदीय समिति में आपन निर्वाचन क्षेत्र के समस्या के प्रभावकारी किसिम से उठवते आरहल बाड़न । ओही तरे, हुलाकी सडक, नारायणगढ-बुटवल सडकखण्ड, गण्डक परियोजना, शितलहर, मल/खाद अभाव, ऊँख किसान के समस्या लगायत के विषय में उहाँ के सङ्घीय सरकार से हरदम पहल आ समन्वय करते आरहल बाड़न ।

निर्वाचन क्षेत्र में स्थानीय तह, प्रदेश सरकार आ केन्द्र सरकार से सञ्चालन होरहल काजक्रम स के प्रभावकारी किसिम से अगाडि बढावे खातिर सांसद चौधरी निरन्तर पहल करते आरहल बाड़न । निर्वाचन क्षेत्र में औद्योगिक ग्राम निर्माण से लेके ऊँख किसान के समस्या समाधान करे खातिर माननीयजी प्रयास करते आरहल बाड़न ।

**बाँकी पृष्ठ ४ आ ५ में...**

## स्थानीय कहता, अबऽगे विकास देखली...

बर्दघाट : सांसद विनोद चौधरीजी के एक वरिष के कार्यकाल उत्साहजनक रहल कहके स्थानीय लोग के कहनाम बा । सांसद चौधरी निर्वाचित भईला के बाद नवलपरासी में व्यवस्थित विकास के सुरुआत भईल बा कहके उ लोग बतईलन । चुनाव के समय भोट खातिर आश्वासन देबेके, बाकिर काम ना करेबाला प्रवृत्ति के अन्त होगईल कहके ओ लोग के कहनाम बा ।

पाँच वरिष कार्यकाल के पहिलका वरिष विकास के आधार तयार भईल बा आ बाँकी समय में ओकरा के मूर्त रुप दिहल जाई कहके स्थानीय के विश्वास बा । उ लोग कहलन, "पहिले नेता लोग मातर आश्वासन देबे, बाकिर उहाँ (विनोद चौधरी) के चुनाव जित के आईला पर विकास के काम अगाडि बढ रहल बा । उहाँ के जथि बोलेलन उ कके देखावेलन । अब हमनी के क्षेत्र में विकास होई कहके पुरा आशावादी बानी ।"

**बाँकी पृष्ठ २ में...**





### सोभा कुमार चौधरी (आदित्य)

प्रतापपुर १, भिड्डा

माननीय विनोद चौधरीजी के पहल से बहुत काम के सुरुआत होगईल बा । बहुत समय से रोकल गईल खजुरा नदी के पुल बनावे के काम सुरु होगईल बा । उहाँ के जथि बोलेलन उ करेलन । १ बरिष के समय में विनोद चौधरीजी के पहल में गोपीगञ्ज से प्रतापपुर तक सडक बिस्तार के काम भी अगाडि बढ रहल बा ।



### राम अयोधी चौहान

सुस्ता-५

हम तीन महिना से जादा समय से साउदी अरब में अलपत्र परल रही । रविन्द्र जैसवाल भैया के सहयोग से माननीय विनोद चौधरीजी से हमर सम्पर्क भईल । उनकरा से सम्पर्क होए से पहिले हमरा बुझात रहे कि हम अब नेपाल ना जाए सकेम । माननीयजी के सचिवालय के सहयोग में हम नेपाल अइनी । जबतक साउदी में रहनी खाना के व्यवस्था, एक्जिट भिसा आ नेपाल आवे में लागल टिकट के व्यवस्था भी उनकरे सहयोग में भईल । माननीयजी के गुन हम कहियो ना भुलाईम । धन्यवाद माननीयजी ।



### यशोदा पाण्डे

बर्दघाट -४, बाढ पीडित

माननीयजी द्वारा चुनाव के समय करल गईल प्रतिवद्धता सब अभी कार्यान्वयन में बा । खजुरा नदी के पुल, बर्दघाट २ के सडक पिच, चिसापानी हस्पिटल में ट्रमा सेन्टर, हात/पैर ना भईल आदमी के कृतिम हात/पैर उपलब्ध करावे खातिर सबल केन्द्र के व्यवस्था लगायत के दर्जनौं काम सुरु होगईल बा । चौधरी फाउण्डेसन मार्फत माई बहिन के सीपमुलक तालिम के साथेसाथ जिविकोपार्जन से जुडल सहयोग लगायत के सामाजिक काम होरहल बा ।



### नविन उपाध्याय

सुस्ता ४, जरलैया

३० वरिष से केतना नेता अईलन आ गईलन । हरदम चुनाव के समय ई करम, उ करम कहेबाला नेता सब से हमनी औता गईल बानी । एक वरिष अगाडि ई क्षेत्र से चुनाव जितेबाला नेता विनोद चौधरीजी छोट समय में ही देखेबाला काम कईले बाड्न । हमनी ई क्षेत्र के विकास खातिर पाँच वरिष में बहुत आशा कईले बानी ।



### सञ्जयमणी त्रिपाठी

प्रतापपुर ४, हर्सपुरा

हमरा बुझाई में माननीय विनोद चौधरीजी व्यक्तिगत आ संस्थागत रुप में बहुत काम कईले बाड्न । हमनी कहाँ ऊँख किसान बहुत समस्या झेलत रहे । उहाँ के जित के आईला के बाद ऊँख किसान के समस्या समाधान करते आरहल बाड्न । ई साल सरकार से किसान लोग समय में ही ऊँख के पइसा मिलल बा । उहाँ के जथि बोलेलन उ कके देखावेलन ।

## जनता के बोली

## आम मतदाता के नजर में

# मा. विनोद चौधरी के

## एक वरिष के कार्यकाल





### रितमान कामु

बर्दघाट

उहाँ के जित के आईला मातर एक वरिष भईल बा । एके वरिष में सब काम पुरा होजाई कहके हमनी के ना सोचेके चाँही । बाकिर उहाँ के एक वरिष के बीच में ही बहुत विकास के काम सुरु करचुकल बाड्न । खेलकुद क्षेत्र में भी उहाँ के बहुत बड्का योगदान करते आरहल बाड्न । उनकरे पहल में चिसापानी अस्पताल में नि:शुल्क रुप में कृत्रिम हात/पैर उपलब्ध करावेके काम के सुरुआत भईला से ई जिला में मातर ना पश्चिम नेपाल के जनता के बहुत बडा राहत मिलल बा । ट्रमा सेन्टर के जग्गा व्यवस्थापन से लेके बजेट व्यस्थापन तक आ बर्दघाट अम्बास सडक बनावे खातिर बजेट के लेल माननीयजी पहल कइनी ।



### जगत नारायण चौधरी

सरावल ५, धनगडवा

ग्रामीण क्षेत्र के जनता माननीय विनोद चौधरीजी से बहुत आशा, अपेक्षा आ भरोसा कईले बा । माननीय विनोद चौधरीजी ई क्षेत्र के विकास के प्राथमिकता में रखले बाड्न । हमनी चाहतानी कि विकास करे खातिर माननीयजी शहरसँगे गाँव के भी प्राथमिकता में राखस । गाँव में बहुत विकास करेके बाँकी बा ।



### जयप्रकाश बनिया

सुस्ता ५, पक्लीहवा

हम ई क्षेत्र के विकास खातिर माननीय विनोद चौधरीजी के भगवान के रुप में लेबेके चाहतानी । माननीयजी ईहाँ के ऊँख किसान के समस्या समाधान करे खातिर बहुत पहल कईले बाड्न । आवेबाला दिन में गण्डक के समस्या समाधान करे खातिर आउर बहुत बड्का पहल के जरुरी देखल गईल बा । माननीय विनोद चौधरीजी के पहल में पछिलका साल अभितक के सब से जादा लगानी में भारतीय पक्ष से बाँन्ह मर्मत सम्भार के जवन काम भईल बा, उ बहुत अच्छा बा ।



### गौरी शंकर शर्मा

प्रतापपुर ६, पिपरपाती

माननीय विनोद चौधरीजी के कारण ई क्षेत्र में विकास सुरु होरहल बा । विकास के साथे ईहाँ के सामाजिक काम में भी माननीयजी सहयोग करते आरहल बाड्न । हमनी के त अबगे बन्हिया नेता मिलल बा । प्रतापपुर के वार्ड नं.८ में रहल मर्चहवा कहल जाएबाला जगह पर पक्की पुल जरुरी बा । उ पुल बनावे खातिर पहल कईल जरुरी बा ।



### जहिर खान पठान

सरावल -४

विनोद चौधरीजी उम्मेदवार होके आईला पर ईहाँ के जनता खुसी होके ही उनकारा के जितईले बा । ई १ वरिष में भईल काम से हमनी खुसी बानी । विनोद चौधरीजी निर्वाचित भईला के बाद निर्वाचन क्षेत्र ना अईहन कहेबाला जवन आरोप रहे उ गलत साबित होगईल बा । उ हरदम ईहाँ आवेलन । हमनी उनकरा से भेट कके आपन समस्या रखते आरहल बानी । होएबाला काम उहाँ के तुरुन्ते करदेवेलन । उनकर स्याम आ अफिस के कर्मचारी भी ईहाँ के विकास के खातिर खटेलन ।

# बदलल चिसापानी अस्पताल: ट्रमा बहुवर्षीय परियोजना

बर्दघाट : नवलपरासी (पश्चिम) जिला के बर्दघाट नगरपालिका वार्ड नं. २ में रहल चिसापानी अस्पताल जिला के ही सुविधासम्पन्न अस्पताल के रुप में विकसित होते जारहल बा । सांसद विनोद चौधरीजी के निरन्तर पहल के बाद चिसापानी अस्पताल स्थानीय के विश्वास जित रहल बा । एक वरिष अगाडि तक दयनीय अवस्था में रहल ई अस्पताल में अभी २४ सो घण्टा आपतकालीन सेवासहित के सुविधा सञ्चालन में बा । चौधरी फाउण्डेसन सँगे भईल सम्झौता के बाद ई अस्पताल आपन रुप बदल रहल बा ।

नेपाली कांग्रेस के केन्द्रीय सदस्य चौधरीजी निर्वाचन के समय चिसापानी अस्पताल के विशेषज्ञ सेवा सुविधासहित के अस्पताल के रुप में विकास करेके प्रतिबद्धता कईले रहस । चुनावी प्रतिबद्धता अनुसार चिसापानी अस्पताल के नवलपरासी जिला के सुविधा सम्पन्न अस्पताल के रुप में विकास होरहल बा ।

अस्पताल में २४सो घण्टा ल्याब सुविधा के साथे अपरेशन सेवा सहित के बर्थिङ सेन्टर स्थापना आ २४सो घण्टा आपतकालीन सेवा के सुनिश्चितता करल गईल बा । ओही तरे, ओपीडी दर्ता के खातिर टोकन प्रणाली लागू करल गईल बा । चिसापानी अस्पताल में सीजी सबल केन्द्र सञ्चालन में आचुकल बा । चौधरी फाउण्डेसन के सहयोग में सीजी सबल केन्द्र सञ्चालन में आईल बा । सबल केन्द्र मार्फत् हात/पैर ना भईल आदमी के कृत्रिम हात/पैर सेवा उपलब्ध करावे काम सुरु होगईल बा । चिसापानी अस्पताल के ही 'रिफरल अस्पताल' के रुप में विकास करेके योजना बा । ई अस्पताल से विशेषज्ञ डाक्टरसहित के सुविधा दिहला से स्थानीय लोग बहुत खुशी बा । चिसापानी अस्पताल ई क्षेत्र के नागरिक के पसन्द के अस्पताल बनचुकल बा ।

चिसापानी अस्पताल सँगे ट्रमा अस्पताल बनावे के काम भी अगाडि बढचुकल बा । २५ बेड (शैय्या)के ट्रमा अस्पताल बनावे खातिर सरकार से बहुबर्षीय आयोजना अन्तर्गत स्वीकृति लेवेके काम होरहल बा । सरकार द्वारा अभी चलरहल आर्थिक वरिष में पाँच करोड रोपेयाँ दिहल गईल बा । तीन वरिष में बनेबाला ई अस्पताल में २० करोड रोपेयाँ खर्च के अनुमान करल गईल बा । ई अस्पताल के भवन बनावे खातिर पुस महिना के भितर टेण्डर खोलेके तयारी भईल बा । अभी तुरुन्ते चौधरी फाउण्डेसन चिसापानी अस्पताल के संगठन आ व्यवस्थापन खातिर अध्ययन रिपोर्ट बनाके अस्पताल व्यवस्थापन आ बर्दघाट नगरपालिका के बुझईले बा ।

## अस्पताल बनावे खातिर बजेट दिहल गाईल

स्वास्थ्य आ जनसंख्या मन्त्रालय नवलपरासी क्षेत्र नं. १ में रहल तीन गो अस्पताल के भवन बनावे खातिर बजेट विनियोजन कईले बा । नवलपरासी क्षेत्र नं.१ से प्रत्यक्ष निर्वाचित सांसद विनोद चौधरीजी के पहल में अगहन (मंसिर) के अन्तिम साता तीन गो अस्पताल भवन बनावे खातिर बजेट विनियोजन करल गईल बा । तीनु अस्पताल प्रतापपुर गाउँपालिका में बा । तीनु अस्पताल बनावे खातिर स्वास्थ्य मन्त्रालय ९० लाख रोपेयाँ विनियोजन कईले बा । प्रतापपुर गाउँपालिका के वार्ड नं. ३ में रहल बरगदवा स्वास्थ्य चौकी भवन बनावे खातिर ३० लाख, प्रतापपुर गाउँपालिका वार्ड नं. १ में रहल आधारभूत स्वास्थ्य भवन बनावे खातिर ३० लाख आ प्रतापपुर गाउँपालिका जगन्नाथपुर स्वास्थ्य चौकी भवन बनावे खातिर ३० लाख बजेट दिहल गईल बा ।

**केन्द्रीय राजनीति**

# आर्थिक विकास के रोडम्याप जरुरी बा : विनोद चौधरी

नेपाली कांग्रेस के केन्द्रीय सदस्य विनोद चौधरी पार्टी के देश विकास के स्पष्ट खाका तयार करेके चाँही कहके जोड दिहले बाड्न । उहाँ के केन्द्रीय समिति बैठक में राजनीतिक विषय से मातर देश ना बनसकेला कहके दाबी करत पार्टी के आगामी १० वरिष तक के विकास के खाका सार्वजनिक करेके चाँही कहके बतईलन ।

"ई पार्टी के दश वरिष के देश विकास के दृष्टिकोण का बा ? देश के विकास के खाका कईसन होएके चाँही ? ओकर कवनो आधिकारिक दस्तावेज पार्टी के केन्द्रीय समिति से पारित भईल के जानकारी हमरा नईखे" उहाँ के कहनी, "देश भितर आ बाहर रहल नेपाली हमनी के देख रहल बा । ई पार्टी मातर राजनीति के बात करेला कि विकास के भी बात करेला ? देश बाहर जाए खातिर बाध्य भईल नेपाली के देश में ही राखे खातिर प्रस्ट रोडम्याप बनावे के परी ।"

पार्टी के केन्द्रीय समिति के बैठक में विकास आ आर्थिक विषय पर छलफल चलावे के माग करत माननीय चौधरीजी कहनी, "अब के कार्य समिति के मुख विषय ही अर्थतन्त्र होएके चाँही । एक दु दिन आर्थिक मुद्दा पर ही छलफल होएके



चाँही । विकास निर्माण के काम ठप्प बा । उद्योगधन्दा ठप्प बा । यदि हमनी उद्यमी के मर्म ना बुझतानी, नेपाल बाहर रहल युवा लोग के पार्टी से ना जोड रहल बानी त आवेबाला दिन हम आउर कठिन देख रहल बानी ।"

उद्योगपति भी रहल कांग्रेस नेता चौधरी कहलन, "हम निहोरा करतानी कि आवेबाला केन्द्रीय समिति बैठक में आर्थिक विकास के मुद्दा, नेपाल बाहर रहल नेपाली के स्वदेश फिर्ता बोलावेबाला मुद्दा, रोजगार के वातावरण बनावेबाला मुद्दा पर छलफल होएके चाँही ।"

उहाँ के पार्टी में संघर्ष कईल, जेलनेल सहल, नेता सब के साथे साथ देश के योगदान देवेबाला क्षमतावान व्यक्ति के भी अवसर देवेके चाँही कहके बतईनी । उहाँ के कहनी, "आवेबाला निर्वाचन में २० लाख युवा मतदाता थपारहल बा । सर्वोच्च अदालत के निर्देशन अनुसार विदेश में रहल नेपाली के समिटल जाए त ई संख्या करिब ५० लाख पुग सकेला । नयाँ सोच, नयाँ दृष्टिकोण रहल आ नेपाल के एगो विकसित राष्ट्र के रुप में देखेके चाहना राखेबाला नेपाली कांग्रेस के रणनीति का ह ? एकरा खातिर आधारशीला का होसकेला ? ई पार्टी के पुराने ढर्रा में चलाईला पर उ ५० लाख के नेतृत्व कर सकेला कि ना ? हमनी के सोचेके समय आचुकल बा" उहाँ के कहनी ।

प्रतिनिधिसभा सदस्य भी रहल नेता चौधरी कुछ करेके सोच रहल, कुछ करेके खोजेबाला, सक्षम अनुभवी व्यक्ति के 'कन्फ्लिक्ट अफ इन्ट्रेष्ट' के नाम पर किनारा लगावेबाला जईसन काम पर असन्तुष्टि व्यक्त कईलन । उनकर कहनाम बा, "जीनगीभर राजनीति करेबाला आदमी ही मातर विकास करसकेला कहेबाला मानसिकता में जबतक बदलाव ना लेआवल जाई तबतक आवेबाला दिन आउर कठिन होतेजाई ।

# निर्वाचन क्षेत्र में कथि-कथि होरहल बा विकास के काम ?

### औद्योगिक ग्राम निर्माण

बर्दघाट नगरपालिका के वार्ड नं.२ में रहल खजुरा नदी किनार में छोट आ बिचकनिया उद्योग ग्राम बनावेके काम अगाडि बढावल गइल बा । उद्योग, वाणिज्य आ आपूर्ति मन्त्रालय ई उद्योग ग्राम बनावे खातिर टेण्डर निकालेके प्रक्रिया सुरु करचुकल बा । १७ करोड रोपेयाँ के लागत में बनेबाला ई उद्योग ग्राम के खातिर पहिलका वरिष चार करोड रोपेयाँ दिहल गईल बा । बाँकी पइसा दोसरका वरिष काम सम्पन्न करेके किसिम से दिहलजाई कहके मन्त्रालय से जानकारी करावल गईल बा । ई उद्योग ग्राम के शिलान्यास के तयारी होरहल बा ।

ई उद्योग ग्राम बनावे खातिर उद्योग मन्त्रालय अन्तर्गत रहल विशेष आर्थिक क्षेत्र प्राधिकरण (सेज) द्वारा प्राविधिक सहयोग कइल जारहल बा । दु वरिष भितर में निर्माण सम्पन्न करेके लक्ष्य सहित ई उद्योग ग्राम के सञ्चालन आ व्यवस्थापन के जिम्मा बर्दघाट नगरपालिका के होई ।

### बर्दघाट फोहोर व्यवस्थापन

बर्दघाट क्षेत्र से निकलल फोहोर के उचित व्यवस्थापन कके ई क्षेत्र के सफा राखे खातिर ल्याण्डफिल साइट बनावेके काम अगाडि बढचुकल बा । ल्याण्डफिल साइट बनावे खातिर बर्दघाट नगरपालिका के वार्ड नं. ४ के आमडाँडा वन क्षेत्र के करिब पाँच हेक्टर जमीन लिहल गईल बा । ल्याण्डफिल साइट बनावे खातिर केन्द्र सरकार के ओर से अभि चलरहल आर्थिक वरिष में दु करोड १५ लाख रोपेयाँ बजेट दिहल गइल बा । ओहीतरे वन के जमीन लेबे खातिर नगरपालिका से सुरुआती वातावरणीय जाँच रिपोर्ट (आई.ई.ई.) के काम अगाडि बढचुकल बा ।

### प्रकृतिमैत्री पर्यटन के बढावा

बर्दघाट नगरपालिका के पहाडी क्षेत्र आम्बास-संसारकोट क्षेत्र में पर्यटन के बढावा देबेके खातिर ई काजक्रम अगाडि बढावल गइल बा । ई एरिया के पर्यटकीय क्षेत्र के रुप में विकास कइल जाई । आम्बास आ दुम्किबास जोडेबाला रास्ता बनावेके काम भी अगाडि बढचुकल बा । बर्दघाट भुताहा चोक-आम्बास-संसारकोट-पटुके होईत गण्डकी प्रदेश जोडेबाला २० किलोमिटर सडक बनावे खातिर पाँच करोड रोपेयाँ दिहल गईल बा । ई सडक बनावे खातिर ठेक्का लगावे के काम भी सुरु होगइल बा । ई सडक बनइला से ई क्षेत्र के पर्यटन विकास के साथे बैकल्पिक सडक के भी काम करी । पर्वतीय पर्यटन के बढावा देबे खातिर ई क्षेत्र के गौरव के योजना के रुप में समेटल गईल बा ।

### गरिब के घर

'गरिब के घर' काजक्रम सङ्घीय सरकार के शहरी विकास मन्त्रालय अन्तर्गत चलावल गईल बा । प्रतापपुर आ सुस्ता गाउँपालिका में रहेबाला गरिब जनता के लक्षित कके ई आयोजना अगाडि बढावल गईल बा । ई काजक्रम खातिर अभी चल रहल आर्थिक वरिष में प्रतापपुर गाउँपालिका खातिर ४२ लाख रोपेयाँ दिहल गईल बा । ओहीतरे, जनता आवास काजक्रम अन्तर्गत सुस्ता गाउँपालिका के खातिर १ करोड १५ लाख दु हजार रोपेयाँ दिहल गईल बा । ई काजक्रम प्रदेश सरकार अन्तर्गत चलावल गईल बा ।

### खेलकुद आ रंगशाला निर्माण

ई निर्वाचन क्षेत्र में बहुउद्देश्यीय खेलकुद रंगशाला बनावेके, खेलाडी के क्षमता विकास करेके, प्रशिक्षण देबेके आ होखेबाला प्रतियोगिता स के सञ्चालन के व्यवस्था करल गईल बा । बर्दघाट नगरपालिका वार्ड नं. ४ में खेलकुद पूर्वाधार बनावे खातिर केन्द्र सरकार से १५ लाख रोपेयाँ बजेट दिहल गईल बा । ओहीतरे, बर्दघाट नगरपालिका १४ बुधबस्ती में क्रिकेट मैदान बनावे खातिर केन्द्र सरकार से १० लाख रोपेयाँ दिहल गईल बा । बर्दघाट नगरपालिका १६ के सूर्यनगर रंगशाला के पूर्वाधार विकास खातिर प्रदेश सरकार से ४० लाख रोपेयाँ दिहल गईल बा । एकरा खातिर माननीय विनोद चौधरीजी के ओर सेले पहल भईल बा । ओहीतरे, स्थानीय क्षेत्र में होखेबाला खेलकुद खातिर चौधरी फाउण्डेसन के ओर से हरदम खेलकुद के समान सब के साथे पइसा(कौडी के सहयोग भी होरहल बा ।

### बुद्ध सर्किट

भगवान गौतम बुद्ध के जन्म प्रदेश लुम्बिनी के मुख्यद्वार के रुप में रहल नवलपरासी क्षेत्र नं. १ में 'बुद्ध सर्किट' बनावेके काजक्रम गौरव के आयोजना के रुप में अगाडि बढावल गईल बा । बौद्ध धर्मावलम्बी के साथेसाथ देश भितर आ बाहर से आवेबाला पर्यटक स के आकर्षण के केन्द्र बनावे खातिर 'बुद्ध सर्किट' सफल होई कहके सांसद चौधरी के विश्वास बा । ई क्षेत्र के धार्मिक, साँस्कृतिक आ पर्यटकीय क्षेत्र के रुप में विकास करेके योजना बा । बाल्मिकी आश्रम के रामायण सर्किट से जोडल जाई । अनुमाघाट, बुद्ध मंगलताल सहित बुद्ध के स्मृति से जुडल जगह सब के जोडे खातिर पैदल रास्ता बनावेके पहल भी सुरु होगइल बा ।

### गण्डक

ई क्षेत्र के सिँचाई आ डुबान समस्या के हमेशा के लेल समाधान करे खातिर गण्डक परियोजना में काम होरहल बा । भारत सरकार के तरफ से भी ई परियोजना में काम होरहल बा । ओही तरे, नेपाल सरकार भी अनेकन परियोजना चलारहल बा । एकरा खातिर दु गो डिपीआर (विस्तृत् परियोजना प्रतिवेदन) तयार होचुकल बा । एगो डिपीआर एक अर्ब ७० करोड आ दोसर एक अर्ब ७ करोड रोपेयाँ के योजना खातिर तयार भइल बा । ई काजक्रम के अगाडि बढावे खातिर सिँचाई आ जलस्रोत मन्त्रालय में पहल होरहल बा । ओही तरे, भारत सरकार के ओर से भी ५० करोड भारतीय रोपेयाँ में नारायणी नदी में तटबन्ध आ पुनर्निर्माण के काम होरहल बा ।

### विशेषज्ञ डाक्टर के व्यवस्था

सङ्घीय स्वास्थ्य आ जनसंख्या मन्त्रालय नवलपरासी बर्दघाट सुस्ता पश्चिम के तीन गो स्वास्थ्य संस्था में डाक्टर भेजले बा । नवलपरासी क्षेत्र नं. १ से प्रत्यक्ष निर्वाचित सांसद आ नेपाली कांग्रेस के केन्द्रीय सदस्य विनोद चौधरीजी के पहल में मन्त्रालय डाक्टर भेजले बा । चिसापानी अस्पताल, बर्दघाट, पकलिहवा स्वास्थ्य चौकी आ जगन्नाथ स्वास्थ्य चौकी में डाक्टर भेजल गइल बा आ आउरो तीन गो डाक्टर भेजे खातिर पहल होरहल बा ।

### वैदेशिक रोजगारी में सहजीकरण

वैदेशिक रोजगारी में जाएबाला योग्य आ इच्छुक स्थानीय युवा स के खातिर ई काजक्रम चलावल गईल बा । माननीय विनोद चौधरीजी के सचिवालय से सुरक्षित आ सहज रुप में वैदेशिक रोजगारी में जाए खातिर सहजीकरण होते आरहल बा ।

### भन्सार नाका खोलेके प्रयास

गुठी पर्सौनी आ भुजहवा में छोट भन्सार खोले खातिर पहल होरहल बा । एकरा खातिर अर्थ मन्त्रालय से समन्वय के काम अगाडि बढ चुकल बा । आबेबाला निकट भविष्य में ही ई भन्सार खोलेके सरकार के तयारी बा । माननीय विनोद चौधरीजी ई भन्सार खोले खातिर सरकार के सम्बन्धित निकाय स में हरदम पहल करते आरहल बाड्न ।

### ट्रमा हस्पिटल

नवलपरासी (बर्दघाट सुस्ता पश्चिम) के बर्दघाट में रहल चिसापानी अस्पताल के ट्रमा अस्पताल बनावेके काम अगाडि बढावल गईल बा । २५ बेड (शैय्या) के ट्रमा अस्पताल बनावे खातिर बहुबर्षीय आयोजना अन्तर्गत स्वीकृति के काम होरहल बा । चिसापानी अस्पताल में चौधरी फाउण्डेसन के सहयोग से सीजी सबल केन्द्र सञ्चालन में आइल बा । सबल केन्द्र के ओर से हात/पैर ना रहल लोग के बनावल गईल (कृत्रिम) हात/पैर दिहल सुरु होगईल बा । फाउण्डेसन आ अस्पतालबीच के सहमति से अस्पताल में २४ सो घण्टा ल्याब सुविधा, अपरेशन के सेवा सहित 'बर्थिङ सेन्टर' स्थापना आ २४ सो घण्टा आपतकालीन (इमर्जेन्सी) सेवा सुरु होगइल बा । ओपीडी सेवा खातिर नाम दर्ता के लेल टोकन प्रणाली भी सुरु होगइल बा ।

### पोलिटेक्निक

नवलपरासी के प्रतापपुर गाउँपालिका में रहल सीजी पोलिटेक्निकल से ७३ गो युवा प्राविधिक तालिम लिहले बाड्न । ३४ गो युवा इलेक्ट्रिक आ ३९ गो युवा मेकानिकल तालिम पुरा कइले बाड्न । प्रतापपुर गाउँपालिका, सुस्ता गाउँपालिका आ बर्दघाट नगरपालिका के युवा लोग ६ महिना के उ तालिम पुरा कइले बाड्न । आवेबाला दिन में उ तालिम सरावल गाउँपालिका से चलावल जाई ।

### ओरहन (गुनासा) सुनेके

माननीय विनोद चौधरीजी के निर्वाचन क्षेत्र के

जिमिरेभार में रहल सचिवालय आ काठमाण्डू में रहल राजनीतिक सचिवालय स्थानीय तह से आईल ओरहन/सिकाइत सब के समन्वय करेके, ओ लोग के समस्या आ जरुरी बुझ के ओकर कार्यान्वयन आ समाधान के खातिर समन्वय आ सहजीकरण करते आरहल बा ।

## युवा स्वरोजगार काजक्रम

युवा स्वरोजगार कोष आ स्थानीय तहबीच समन्वय कके युवा के उद्यमशील बनावेके काजक्रम चलावेके पहल होरहल बा। बर्दघाट नगरपालिका आ सरावल गाउँपालिका में ई काजक्रम चलावल जाई। ई काजक्रम खातिर पालिका से कम्ति में पचास लाख रोपेयाँ देबेके समझदारी भईल बा। पालिका से बजेट दिहला के वाद युवा स्वरोजगार कोष से सम्झौता होई आ स्थानीय युवा लोग के स्वरोजगार काजक्रम के खातिर सस्ता ब्याज में कर्जा दिहल जाई। ई काजक्रम खातिर माननीय विनोद चौधरीजी के सचिवालय सहजीकरण करते आरहल बा।

## खजुरा में पुल

तीन वरिष पहिले सम्झौता होके भी काम सुरु ना भईल बर्दघाट नगरपालिका के वार्ड नं ५ आ १६ जोडेबाला खजुरा नदी में पुल बनावेके काम सुरु होगइल बा। २०८० असार ३ गते तक पुल बनावेके सम्झौता भईला के वाद भी अभि तक काम सुरु ना भईल रहे। चौधरीजी निर्वाचित भईला के बाद २०७९ चैत १२ गते उ पुल के शिलान्यास भईल आ तोकल गईल समय में ही काम पुरा करे खातिर ठेकेदार के ताकता होरहल बा।

## सुस्ता के ओह पार जोडेबाला झोलुंगे पुल

पश्चिम नवलपरासी सुस्ता के नेपाली भूमि से जोडे खातिर नारायणी नदी में बन रहल बहुप्रतीक्षित झोलुङ्गे पुल के काम अन्तिम चरण में पुग चुकल बा । २०८० साल भितर ही उ पुल बनावे के काम पुरा होजाई कहके ठेकेदार कम्पनी जानकारी करइले बा । ३० महिना भितर काम पुरा करेके शर्तसहित २०७० साल में ठेक्का लागत उ पुल के काम १० वरिष के बाद अभी अन्तिम चरण में पुगल बा । माननीय विनोद चौधरीजी अगहन (मङ्सिर) में उ पुल के स्थलगत निरीक्षण कइले रहस । उहाँ के निर्वाचित भईला के बाद काम सम्पन्न करे खातिर निर्माण कम्पनी आ सरकारी पक्ष से हरदम पहल करते आरहल बाड्न । साथे साथ उनकर राजनीतिक सचिवालय भी हरदम सहजीकरण आ समन्वय के काम करते आरहल बा। एक हजार ५५८ मिटर लम्बाइ रहल ई पुल सुस्ता के 'लाइफलाइन' के रुप में देखल गईल बा। पुल बनला के वाद ई क्षेत्र में पर्यटकीय चहलपहल भी बढेके विश्वास करल गईल बा।

## तराई मधेश समृद्धि काजक्रम

सरकार अनेकन परियोजनामार्फत् तराई मधेश समृद्धि काजक्रम सञ्चालन करते आरहल बा। नवलपरासी निर्वाचन क्षेत्र नं. १ में आवश्यक काजक्रम आ बजेट विनियोजन खातिर माननीय विनोद चौधरीजी सम्बन्धित निकाय से आवश्यक समन्वय करते आरहल बाड्न । साथेसाथ ई काजक्रम के प्रभावकारीता खातिर भी विशेष जोड देते आरहल बाड्न ।

## सुक्खा बन्दरगाह

नवलपरासी निर्वाचन क्षेत्र नं. १ में सुक्खा बन्दरगाह बनावे खातिर पहल सुरु होगइल बा। माननीय विनोद चौधरीजी एकरा खातिर अर्थ मन्त्रालय में चिठ्ठी भी भेज चुकल बाड्न। छोटे क्षमता के बाकिर नेपाल के एगो नमूना बन्दरगाह बनावेके उद्देश्य से काम अगाडि बढावल गईल बा। भारत से जोडल सीमा नाका भइला से नवलपरासी में सुक्खा बन्दरगाह बनला से ई क्षेत्र में आर्थिक चहलपहल बढेके आ दूरी के हिसाव से भी देश के बीच के भाग भइला से देश विदेश से सामान लेआवे लेजाए(आयात निर्यात)में सहज होएके विश्वास करल गईल बा।

## बैंक स्थापना

भारत से सीमा जोडला के कारण आ पूर्व भारतीय सैनिक लोग के पेन्सन में सहजीकरण के खातिर एसबिआई बैंक के अफिस (शाखा) खोलेके तयारी होरहल बा। एकरा खातिर बैंक के हाकिम लोग से हरदम बातचित होरहल बा।

## भूतपुर्व सैनिक आवास

बर्दघाट नगरपालिका वार्ड नं. १२ में भारतीय राजदूतावास के सहयोग में बनेबाला सैनिक आवास के खातिर माननीय विनोद चौधरीजी पहल करते आरहल बाड्न। ओकरा खातिर दूतावास से हरदम बातचित होते आरहल बा।

## कृषि विद्युतिकरण

बर्दघाट नगरपालिका, प्रतापपुर गाउँपालिका, सरावल गाउँपालिका आ सुस्ता गाउँपालिका में सहज किसिम से सिँचाई के व्यवस्था करे खातिर ई आयोजना अगाडि बढावल गईल बा। विजुली से भूमिगत सिँचाई के व्यवस्था करे खातिर केन्द्र आ प्रदेश सरकार से समन्वय कके कृषि विद्युतिकरण के खातिर चल रहल आर्थिक वरिष में अच्छा बजेट राखल गइल बा। साथे साथ जरुरी के आधार पर आवेबाला आर्थिक वरिष में थप बजेट देबे खातिर पहल होरहल बा। ई आयोजना से ईहाँ के किसान के सिँचाई के समस्या समाधान होजाई।

## केरा आ ऊँख खेती

नवलपरासी जिला में कृषि के मुख्य सम्भावन के रुप में केरा आ ऊँख के पकेट क्षेत्र मानल जाला। केरा आ ऊँख खेती के अगाडि बढावेबाला काजक्रम के सांसद चौधरीजी गौरव के योजना के रुप में अगाडि बढईले बाड्न। केरा आ ऊँख खेती अगाडि बढावेबाला काजक्रम अन्तर्गत विउ विजन के उत्पादन, किसान के प्राविधिक सेवा, वितरण प्रणाली में सुधार आ केरा से जुडल उद्योग धन्दा के स्थापना करेके काम अगाडि बढावल गईल बा। सांसद चौधरीजी के पहल में सरकार से केरा आ ऊँख के खातिर जरुरी मात्रा में खादमल के कोटा बढाके काम होरहल बा। साथे साथ किसान के उन्नत जात के विया देबे खातिर प्रदेश कृषि मन्त्रालय से पहल होरहल बा।

## सिटिइभिटी काजक्रम

स्थानीय लोग के जरुरी आ सम्भावना के ध्यान में राखके नवलपरासी क्षेत्र नं. १ में प्राविधिक शिक्षा पठनपाठन के खातिर सिसिइभिटी से समन्वय होरहल बा। तत्काल सरावल गाउँपालिका में रहल महेन्द्र माध्यमिक विद्यालय में ई काजक्रम चलावे के प्रक्रिया सुरु होगईल बा।

## महिला सशक्तिकरण

चौधरी फाउण्डेसन मार्फत् निर्वाचन क्षेत्र के सब पालिका में अनेकन काजक्रम सञ्चालन करल गईल बा। एकरा अन्तर्गत 'बरियार महिला' काजक्रम सुरु भईल बा । पोषणयुक्त खाना के उत्पादन करे खातिर महिला लोग के तालिम दिहल जाला। फाउण्डेसन के ओर से बहुत कम (निम्न) आम्दानी करेबाला महिला लोग के जिविकोपार्जन के खातिर 'सिड मनी' सहित ठेला उपलब्ध करावल गईल बा। सिलाइ, ब्यूटिसियन जइसन तालिम अभि दिहल जारहल बा।

## नारायणगढ-बुटवल सडकखण्ड

तीन वरिष के भितर काम सम्पन्न करेके शर्तसहित २०७५ साल माघ २४ गते सम्झौता भईल नारायणगढ-बुटवल सडकखण्ड के काम जल्दी सम्पन्न करे खातिर माननीय विनोद चौधरीजी ताकेता करते आरहल बाड्न। ई काम में बहुत ढिलासुस्ती होते आरहल बा। उहाँ के निर्वाचित भईला के बाद ई सडकखण्ड के काम तेजी से अगाडि बढ रहल बा। जल्दी काम सम्पन्न करे खातिर ठेकेदार, सरकारी निकाय से हरदम छलफल आ आयोजना के अनुमगन करते आरहल बाड्न। समय में काम सम्पन्न ना भईला से ई क्षेत्र के स्थानीय आ यात्री सास्ती भोगते आरहल बा।

## हुलाकी राजमार्ग

सांसद विनोद चौधरीजी के सहजीकरण के बाद तराई मधेश के समृद्धि के खातिर 'लाइफलाइन' मानल गईल हुलाकी राजमार्ग के काम भी तेजी से होरहल बा। हरदम अवरोध होते आरहल ई राजमार्ग के काम चौधरीजी निर्वाचित भईला के बाद तेजी से अगाडि बढरहल बा। ऐसे पहिले अनेकन बहाना में ई राजमार्ग के काम अवरोध होईत रहे। उहाँ के हुलाकी राजमार्ग से सरोकार राखेबाला ठेकेदार, स्थानीय तह से हरदम छलफल आ संवाद कके तेजी से काम करे खातिर ताकता करते आरहल बाड्न।

## बर्थिङ सेन्टर

चौधरी फाउण्डेसन के सहयोग में सुस्ता गाउँपालिका के पक्लिहवा स्वास्थ्य चौकी में बर्थिङ सेन्टर सञ्चालन में आइल बा। ओही तरे, भुजहवा में रहल बर्थिङ सेन्टर में फाउण्डेसन के सहयोग में नर्स के व्यवस्था करल गईल बा। सांसद चौधरीजी ई सेन्टर सञ्चालन में आईला के बाद ग्रामीण क्षेत्र के माई बहिन के लाभ पुगल बा कहके बतईलन। "चुनाव में करल गईल प्रतिवद्धता पुरा करे खातिर हम प्रतिबद्ध बानी" उहाँ के कहनी, "चुनाव के समय जवन/जवन काम करम कहले बानी ओकरा खातिर खाका बनाके अगाडि बढरहल बानी।"

# सिजी पोलिटेक्निक: सब के रोजगारी

युवा के उद्यमी आ स्वरोजगार बनावे खातिर चौधरी फाउण्डेशन स्वरोजगार युवा अभियान सञ्चालन कईले बा । चौधरी फाउण्डेशन आ सिजी पोलिटेक्निक के आयोजना में पश्चिम नवलपरासी के प्रतापपुर वार्ड नं.७ सूर्यपुरा से सुरु भईल ई अभियान के मुख्य उद्देश्य युवा के सीप सिखावेके आ स्वरोजगार बनावेके बा कहके सिजी पोलिटेक के अध्यक्ष निर्वाण चौधरी बतईलन ।




अब नवलपरासी क्षेत्र के युवा के सीप सिखाके सीप विकास करेके अध्यक्ष चौधरी बतईलन । उहाँ के कहनी, "विदेश गईल बहुत युवा लोग सीप अभाव में समस्या में परेला । ओईसन युवा के सीप विकास कके स्वदेश में ही रोजगार के व्यवस्था करेके अभियान में बानी ।" उहाँ के नेपाल में सबसे जादा वैदेशिक रोजगार में जाएबाला प्रदेश मध्ये लुम्बिनी प्रदेश रहल बा । ओ में भी नवलपरासी क्षेत्र रहला से ई समस्या के अन्त करे खातिर भी नवलपरासी में शाखा सञ्चालन में लेआवल गईल बा कहके बतईनी ।

तालिम केन्द्र में युवा लोग के प्राविधिक क्षेत्र अन्तर्गत के सिप सिकावल जाई कहके सिजी पोलिटेक के प्रिन्सिपल शिवहरी ढकाल जानकारी दिहलन । उहाँ के मोताबिक नवलपरासी में युवा के सीप सिकाके स्वदेश में ही स्वरोजगार बनावेके जानकारी दिहलन । प्रिन्सिपल ढकाल के मोतािवक सिजी पोलिटेक्निक एसे पहिले नवलपुर के कावासोती आ मध्यविन्दु नगरपालिका के स्थानीय २५ गो युवा के प्लम्बिङ तालिम, मध्यविन्दु नगरपालिका के ३५ गो स्थानीय महिला के बेकरी तालिम दिहल गईल बा । नवलपुर के देवचुली नगरपालिका वार्ड नं. २ में २०६६ साल से सुरु भईल सिजी पोलिटेक्नीक युवा लोग के प्राविधिक तालिम देके उद्योग में ही रोजगारी के वातावरण बनावल गईल बा ।

देवचुली नगरपालिका वार्ड नं. २ में स्थापना के समय से अभितक तीन हजार से जादा युवा के तालिम दिहल गईल बा आ एकरा के निरन्तरता देबे खातिर प्रतापपुर ७ में शाखा कार्यालय खोलल गईल बा । ६ महिना तक सञ्चालन होखेबाला तालिम में उत्कृष्ट सहभागी के रोजगार दिहल जाई कहके पोलिटेक्निक जानकारी करईले बा ।

आपन शाखा के प्रतापपुर में बिस्तार करेसँगे ईहाँ के स्थानीय उत्साहित बनल बा । स्थानीय राजेश कोहार बेरोजगार रहल अवस्था में सिजी पोलिटेक्निक द्वारा दिहल गईल सीप विकास आ आत्मनिर्भर काजक्रम से स्वरोजगार बने खातिर सहयोग पुगी कहके विश्वास व्यक्त कईलन ।

## डुबान के दीर्घकालीन समाधान के पहल

नवलपरासी । पश्चिम नवलपरासी में झरही-धनेवा नदी के कारण हरेक साल होते आरहल डुबान के दीर्घकालीन समाधान के पहल सुरु करल गईल बा । ओकरा खातिर एक अर्ब १८ करोड रोपेयाँ बराबर के विस्तृत् परियोजना प्रतिवेदन (डिपिआर) तयार करल गईल बा कहके नेपाल गण्डक पश्चिम नहर सिँचाई व्यवस्थापन कार्यालय सेमरी नवलपरासी जानकारी दिहले बा । नेपाल गण्डक पश्चिम नहर सिँचाई व्यवस्थापन कार्यालय सेमरी नवलपरासी के कार्यालय प्रमुख तिलकराम बुढाथोकी डुबान के दीर्घकालीन समाधान के काम होरहल बा कहके जानकारी दिहलन ।

झरही-धनेवा नदी में जम्मा होखेबाला पानी के निकास ना भईला से पश्चिम नवलपरासी के सरावल, पाल्हीनन्दन आ प्रतापपुर क्षेत्र में हरेक साल हजारो बिगाहा जमीन डुबान में परजाला । डुबान के दीर्घकालीन समाधान खातिर संघीय सांसद विनोद चौधरी नेपाल आ भारत के सम्बन्धित पक्ष से हमेशा पहल करते आरहल बाड्न । प्रतिवेदन मोताविक झरही-धनेवा नदी में जम्मा भईल माटी के सफाइ, नदी के दुनु किनार में बाँन्ह बान्हेके, नदी संरक्षण खातिर तारजाली लगावेके, नदी के पानी निकास खातिर गेट लगावे लगायत बहुत काम सब देखल गईल बा ।

गण्डक कमाण्ड क्षेत्र अन्तर्गत परेबाला धनेवा-झरही नदी में पूर्ण रुप से पानी के बहाव व्यवस्थापन ना भईला से डुबान आ कटान के समस्या होते आरहल बा । डिपिआर तयार भईला से डुबान आ कटान के समस्या से मुक्ति मिलि कहके स्थानीय लोग विश्वस्त बा ।

## छोट समाचार

### ऊँख किसान के मिलल अनुदान के पईसा

नवलपरासी पश्चिम क्षेत्र नम्बर १ से निर्वाचित प्रतिनिधिसभा सदस्य विनोद चौधरीजी के पहल में जिला के ऊँख किसान के अनुदान के पईसा मिलल बा । सांसद चौधरी ऊँख के समर्थन मोल निर्धारण करे खातिर आ अनुदान के पईसा देबे खातिर कृषि मन्त्रालय में हमेशा ताकता करते आरहल बाड्न ।

नेपाली कांग्रेस के नेता आ लुम्बिनी प्रदेश सभा सदस्य देवकरण प्रसाद कलवार सांसद चौधरी के पहल से ऊँख किसान के अनुदान के पईसा मिलल कहके बतईलन । उहाँ के कहनी, "हमनी जनप्रतिनिधि आ ऊँख किसान माननीय विनोद चौधरीजी से बात कईली । चौधरीजी कृषि मन्त्रालय में हमेशा ताकता कईलन आ अभी ऊँख किसान के अनुदान के पईसा मिलल बा । कृषि मन्त्रालय विभाग के मार्फत नवलपरासी पश्चिम में १५ करोड १२ लाख १५ हजार ५५८ रोपेयाँ अनुदान के पईसा किसान स के दिहल गईल कहके कोष आ लेखा नियन्त्रक कार्यालय (कोलेनिका) नवलपरासी जानकारी दिहले बा ।

### बाँटल गईल लालपूर्जा

विनोद चौधरीजी भोट के समय भूमिहीन के लालपूर्जा उपलब्ध करावेके प्रतिबद्धता कईले रहस । उनकरा निर्वाचित भईला के एक वरिष के भितर राष्ट्रीय भूमि आयोग, जिला समिति मार्फत् भूमिहीन के जग्गा आ लालपूर्जा दिहल जारहल बा । २०७९ साल माघ में पहिल बेरिया बर्दघाट नगरपालिका वार्ड नं.७ जिमिरेभारस्थित त्रिनेत्रधाम से जग्गा नापी सुरू भईल रहे । उ समय चौधरी सांसद में निर्वाचित भईला मातर दु महिना भईल रहे । ओकरा कुछे समय बाद भूमि व्यवस्थामन्त्री रञ्जिता श्रेष्ठ के उपस्थिति में लालपूर्जा बाँटल गईल । नवलपरासी में एक वरिष में करिब पाँच हजार आदमी के निस्सा मिलचुकल बा ।

### नवलपरासी में सिजी विश्वविद्यालय

बर्दघाट नगरपालिका वार्ड नं. ५ में स्थापना होखेबाला सिजी विश्वविद्यालय के काम अगाडि बढचुकल बा । विश्वविद्यालय सञ्चालन अनुमति के खातिर जरूरी कागजातसहित प्रदेश सरकार के सामाजिक विकास मन्त्रालय में दर्ता करावल गईल बा । विश्वविद्यालय के खातिर जमीन व्यवस्थापन के विषय अगाडि बढावल गईल बा । वन मन्त्रालय में जमीन स्वीकृति के खातिर प्रक्रिया सुरु होचुकल बा । ई विश्वविद्यालय में प्राविधिक शिक्षा के प्राथमिकता दिहल जाई आ व्यवस्थापन सङ्काय के भी अध्ययन अध्यापन करावल जाई ।

### अगिलका वरिष खातिर योजना छनोट

आवेबाला आर्थिक वरिष २०८१/८२ में समावेश करेबाला योजना आ काजक्रम खातिर स्थानीय तह में अध्ययन सुरु होगईल बा । अध्ययन के बाद ई काजक्रम स के कार्यान्वयन खातिर स्थानीय, प्रदेश आ केन्द्र सरकार में पहल आ समन्वय कएल जाई । ओकरा खातिर माननीय विनोद चौधरीजी के राजनीतिक सचिवालय स्थानीय तह में आवश्यक योजना छनौट खातिर समन्वय के काम सुरु करचुकल बा । वार्ड तहतक सम्पर्क कके उहाँ के आवश्यकता बमोजिम तीन तह के सरकारसँगे आवेबाला आर्थिक वरिष के काजक्रम तय करल जाई कहके मननीयजी के राजनीतिक सचिवालय जानकारी करईले बा ।

## नवलपरासी क्षेत्र नं. १ में भईल

# राजनीतिक आ सामाजिक गतिविधि



सुस्ता पारी जाए के क्रम में डेंगी से नारायणी नदी पार करत ।



छठ पर्व के अवसर पर नवलपरासी घाट पर भक्तजन से भेटघाट करत ।



नेपाल मुस्लिम संघ नवलपरासी (बसुप)के सभापति अख्तर हुसेन खाँ के बधाई ज्ञापन करत ।



एसियाली खेदकुद के कबड्डी में कास्य पदक प्राप्त करेबाला नेपाली टिम के सदस्य प्रतापपुर निवासी सिर्जना कुमारी थारु के सम्मान करत ।




चिसापानी अस्पताल वर्दघाट में सी.जी. सबल केन्द के उद्घाटन करत ।



थारु समुदाय के अगुवा महानुभाव स के साथ छलफल करत ।




नेपाल महिला संघ, पश्चिम नवलपरासी के पदस्थापन आ शपथ ग्रहण काजक्रम में



सरावल में आयोजित भलिवल खेल के उद्घाटन करत ।



प्रतापपुर में आयोजित कबड्डी खेल के उद्घाटन करत ।

# नवलपरासी के विकास में अगाडि बढईत विनोद

जन प्रतिनिधि के केतरे काम करेके चाँही ? ई प्रश्न के उत्तर खोजे खातिर राजनीति शास्त्र के दर्शन पल्टावल कवनो जरुरी नईखे। नवलपरासी (बसपु) क्षेत्र नं. १ के सांसद विनोद चौधरी द्वारा एक बरिष में करल गईल काम के लेखाजोखा कईला से पुगजाई।

चुनाव में खडा भईल नेता मतदाता के आकर्षित करे खातिर असम्भव प्रतिबद्धता सब के घोषणापत्र निकालेला। चुनाव के परिणाम के साथ उ घोषणापत्र के अस्तित्व समाप्त होजाला काहेकि घोषणापत्र में सुतल के बेरिया देखल जाएबाला सपना सब मातर सजावल रहेला । बाकिर विनोदजी मतदाता से एगो भी एईसन प्रतिबद्धता ना कईलन जवन पुरा ना होसके। विनोद चौधरी के इतिहास के अभिलेख कहेला कि- उ जे बोलेलन, कके छोडेलन । बाकिर ना होएबाला बात उहाँ के ना बोलेलन। पक्के हि राजनीति एगो फोहरी खेल ह बाकिर विनोद चौधरी राजनीति के भी 'फेयर गेम' बनावल जासकेला कहके प्रमाणित कररहल बाड्न । काहेकि चुनाव में करल गईल प्रतिवद्धता पत्र के बुँदाबुँदा कार्यान्वयन कररहल बाड्न। उहाँ द्वारा चुनाव के समय जारी करल गईल ३३ बुँदे प्रतिवद्धता पत्र के ८० प्रतिशत काम एक साल के भितर कके राजनीति अभिलेख में भी नया अध्याय शुरू कईले बाड्न। राजनीतिक पूर्वाग्रह के चश्मा निकाल के जे केहु भी मूल्यांकन कररहल बा त विकास के गतिविधि के दृष्टि से नेपालभर के १६५ निर्वाचन क्षेत्र मध्ये संभवत: नवलपरासी क्षेत्र नं. १ पहिल स्थान पर आई।

सांसद विनोद गरिब से गरिब जनता के तत्काल के समस्या से लेके 'बत्ती निचा के अन्हार नवलपरासी' के एके साथ विकास के राष्ट्रीय अभियान में जोडेके कोशिस कररहल बाड्न। ई बात के छनक उहाँ के निर्वाचित भईला के पहिलके दिन से सुरु कईले बाड्न। दोसर आदमी निर्वाचित भईल रहईत त विपक्षी के कुँढाह के 'विजयी जुलुस' निकलईत बाकिर विनोद चुनाव जितलन ओही दिन मुसहर बस्ती के जाड से ठेंठुआएल बुढ पुरनिया आ बच्चा स के ब्ल्याङ्केट, कम्मरलगायत के कपडा बँटलन । जनप्रतिनिधि के रुप में उनकर पहिल काम सिमान्तकृत वर्ग के सेवा से सुरु भईल रहे। उ अभियान अभी जिला भर सुरु बा। सुस्ता आ प्रतापपुर में पिछडल बस्ती के माई बहिन के आपन घर आँगना में 'बर्थिङ सेन्टर' के सुविधा मिलल बा । कभी डाक्टर के मुँह ना देखेके मिलेबाला दक्षिणी क्षेत्र के स्वास्थ्य केन्द्र स में डाक्टर पुगल बा। बर्दघाट चिसापानी अस्पताल विशेषज्ञ सेवा सहित के अस्पताल में परिणत भईल बा । नवलपरासी के ट्रमा सेन्टर मिलल बा । माननीयजी नवलपरासी में स्वास्थ्य सेवा के उच्च तह में पुगावे खातिर मातर सरकारी बजेट में ही भर नईखन परल। चौधरी फाउण्डेसन से भी पईसा लगारहल बाड्न।

नवलपसारी में विनोद के विरोध करेके कसम खईले पात्र लोग काल्ह तक उनकारा के टुरिष्ट कहे, दु:ख परला पर विनोद से कहाँ भेट होई कहके भोट काटे। काल्ह तक उ पात्र सब ओतही देखाई देबे। उ सब के काम गफ में सिमित रहे।

आजु विनोद चौधरी के सचिवालय उहे जिमिरेभार से प्रभावकारी रुप में सञ्चालन होरहल बा जहाँ आम नागरिक के कवनो भी समय आपन जनप्रतिनिधि समक्ष दु:ख पिँडा बाँटे के सुविधा बा। दु:ख पिँडा में साथ देवेबाला विनोद एईसन सिस्टम बनईले बाड्न कि सच्चमुच्च में ही जनता के राहत मिलि। काल्ह के जईसन मातर हल्का-फुल्का गफ में सिमित ना । विनोद के उपर लगावल गईल आरोप सब गलत साबित भईला पर ई पात्र सब अभी एकेगो प्रश्न में केन्द्रित भईल बा- केरा उद्योग का भईल ? उद्योग स्थापना करे खातिर चुनावी अभियान के क्रम में जग्गा खरिदके शिलान्यास भी भईल अवस्था में उद्योग बनावल शुरू करल गईल । बाकिर माटी के गुणस्तर में समस्या आईला पर कुछ ढिलाई जईसन भईल बा। बाकिर अब के एकाध महिना में केरा के उद्योग का भईल कहेबाला प्रश्न भी समाप्त होजाई । काहेकि ओ सब के आँख अगाडि केरा उद्योग स्थापना होएके प्रक्रिया अगाडि बढचुकल बा।



**तिसरका आँख**

राधेश्याम चौधरी



सुस्ता पारी के नागरिक नारायणी नदी हेल के जीवन के बाजी राखत आपन दैनिक गुजारा चलावेके पिँडा सुनवते आरहल बा। चुनाव जितला के बाद विनोद सुस्ता पारी के आपन मतदाता के दु:ख में सहभागी भईल बाड्न । सुस्तावासी के खातिर विनोद पहिल जननिर्वाचित सांसद साबित भईलन जे पारी सुस्ता पुगके जनता के दु:ख के आपन आँखा से निहार के अईलन आ ओकरा के आपन जीवन के दु:ख के रुप में महशुस कईलन। हमनी के ई बात सुन के अचम्ब लागल कि ऐसे पहिले केतना बेरिया चुनाव जितल नेता पारी सुस्ता पुगल उहाँ के स्थानीय के ईयाद नईखे।

पारी सुस्ता के दु:ख के कथा के आपन जीवन के कथा के रुप में आत्मसाथ कईला के बाद सांसद चौधरी निर्वाचित भईला के एक बरिष भितर में नारायणी नदी उपर झोलुङ्गे पुल निर्माण के काम सम्पन्न करेके प्रतिबद्धता कईले बाड्न । आजु निर्वाचित भईला के एक बरिष एक महिना चल रहल बा आ पुल उद्घाटन के तयारी भी होरहल बा । फागुन पहिल साता उ झोलुङ्गे पुल के उद्घाटन करेके लक्ष्य बा। बर्षोसे अलपत्र रहल उ पुल एके वरिष में केतरे सम्पन्न होगईल ? ई प्रश्न के उत्तर सुस्ता-५ के मनोहर जयसवाल एतरे दिहलन, "जनता के ठग के खाएबाला आ काम कके देखावेबाला नेता के बीच ईहे अन्तर बा। ई साल यदि विनोदजी निर्वाचित ना होईतन त दोसर चुनाव में भी ईहे पुल बनाएम कहके हमनी से भोट मागे दोसर नेता अईतन। विनोद के हमेशा के सक्रियता के कारण ई साल नवलपरासी के ऊँख किसान के समय में अनुदान मिलल।

बर्दघाट में 'स्मल एण्ड मिडियम इन्टरप्राईजेज भिलेज (एसएमई भिलेज) बन रहल बा। बर्दघाट से त्रिवेणी जोडेबाला सडक बिस्तार होएके साथे खजुरा नदी में पुल बनरहल बा । सीजी पोलिटेक्निक मार्फत् युवा सब रोजगार से जुडल बा। ई काजक्रम जिला भर बिस्तार होरहल बा । युवा के उद्यमशील बनाबे खातिर विनोद के सोंच में उद्यमशीलता काजक्रम सञ्चालन होरहल बा । महिला उद्यमशिलता आ शसक्तिकरण काजक्रम सब प्रभावकारी रुप में अगाडि बढरहल बा । सडक, विद्युत्, खानेपानी, कृषि, पर्यटन जईसन वृहत् काजक्रम सब पहिल बेरिया नवलपरासी के चिन्हे रहल बा। विकास के बड्का काजक्रम सब में विनोद के ओतने सक्रियता बा।

एक वरिष में सांसद के रुप में विनोद नवलपरासी में जे कररहल बाड्न जवना से राजनीतिक पूर्वाग्रह के घइला फुट रहल बा। बाकिर विनोद के विकास अभियान के यात्रा गज्जब आ आकर्षक बा।

एक बरिष में विनोद आपना के राजनीति खलिया गफ करेबाला जगह ना ह, काम कके देखावेबाला जिम्मेवारी से भरल अवसर ह कहके प्रमाणित करचुकल बाड्न।

उनकरा विरोध में चाय के कप खाली करेबाला के कवनो जवाफ देबेके अवस्था नईखे। विनोद आ ई पात्रबीच के फरक अब जनता के प्रष्ट होचुकल बा।

माननीयजी के काम से एगो चर्चित भोजपुरी कहावत ईयाद आरहल बा-

'कुता भुके हजार, हाथी चले बजार।'

**सम्पादक मण्डल:** मधुसूदन पौडेल, खगेन्द्र भण्डारी, राजकुमार घिमिरे, पुरुषोत्तम सुवेदी, सरोज थापा, **भोजपुरी संस्करण:** भउचप्रशाद यादव,
**सम्पर्क कार्यालय:** रवि भवन,काठमाण्डू। फोन नं.:+९७७-९८५१०२३३७३, स्थानीय अफिस: बर्दघाट - ७, जिमिरेभार, नवलपरासी (ब.सु.प.) क्षेत्र नं १, लुम्बिनी प्रदेश, नेपाल। फोन नं.: +९७७-७८-५९०३३०,
ईमेल: bkc.secretariat@gmail.com